

REGIPIOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA :

Table with 2 columns: Price/Unit and Amount. Includes entries for 1 taoen, 1/2, 3 woelan, and Kénging mbajar saben woelan.

RAGAD ADVERTENTIE :

Table with 2 columns: Price/Unit and Amount. Includes entries for 1 katja, 1/2, 1/4, 1/8, and various ad rates.

Kabar premili alit - alitan : f 1.-
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA
SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsiptoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

KOELIE-ORDONNANTIES.

(Staatsblad van Ned. Indië 1931 no. 94 lan no. 268).

Para maos temtoenipoen sampoen mangertos poenapa ingkang dipoen-
wastani Koelie-ordonnanties, inggih
poenika angger-angger saking Na-
gari toemrap gandèngipoen koeli
kalijan djoeragan (toewan pabrik)
ing sadjawinipoen tanah Djawi.

Manoet Staatsblad no. 94 taoen
1931 ing hoofdstuk I artikel 1, ing
sadjawining tanah Djawi dipoenkè-
ngingaken mendet koeli kontrak
kanggé njamboet damel ing papan
padagangan, tetanèn oetawi kaboe-
didajan, poenapa malih panggenani-
poen damel margi sepoer lan trèm.
Jèn padagangan lan sasaminipoen
wae namoeng alit - alitan, manoet
artikel 2 boten kakéngingaken.

Ing Koelie-ordonnanties ngrikoe
njeboetaken laminipoen kontrakan
(artikel 3) sinten ingkang kénging
kontrakan, inggih poenika tijang
prieboemi lan bangsa mantja wétanan
ingkang sampoen diwasa (artikel 5),
kados-poendi isining seret kontrak
(artikel 8) lan sanès-sanèsipoen.

Ing artikel 8 poenika, ingkang
pantes dipoentamataken inggih poe-
nika déné ing seret kontrak ngrikoe
kedah njeboetaken tjtajahing dinten
prèi sarta dinten ageng ingkang
kalimrah kanggé poen koeli.

Ing hoofdstuk III njeboetaken ka-
wadjabaning poen djoeragan. Ing
hoofdstuk IV: koewadjabaning poen
koeli.

Djoeragan kedah njeokani blandja
dateng koelinipoen manoet kabe-
tahaning gesang ingkang kalimrah
(normale levensbehoefte). Manawi
papanipoen njamboet damel angèl,
koeli wae kedah katambahan ka-
roegian ing samoerwatipoen (artikel
12 angka 1). Jèn djoeraganipoen
ngliwawaken ingkang kados makat-
en, pangagenging gewestelijk be-
stuur kawenangaken tjawé-tjawé
amrih itjaling tindak ingkang kirang
leres wae (art. 12 angka 2).

Djoeragan boten kénging meksa
njamboet damel dateng koelinipoen
langkoeng saking 6 djam teroesan,
wekdaling ngaso apes satoenggal
djam (art. 16 angka 6), nanging ing
dalem sadinten sadaloe katah-katahi-
poen njamboet damel wonten ing
ndjawi (kosok-wangsoelipoen: ing
nglebet siti) boten kénging langkoeng
saking 9 djam (art. 16 angka 1).

Sokoer ta jèn dipoenwatesi ma-
katen, awit awisan boten kénging
njamboet damel langkoeng saking
6 djam teroesan poenika saged ka-
wongsal-wangsoelan oepami 6
djam ladjeng ngaso, ladjeng 6 djam
malih, makaten saladjengipoen, te-
nèh megap-megap!

Kawadjabaning koeli mesti kema-
won kedah njamboet damel manoet
ingkang kaseboet ing kontrak (art.27),
jèn wonten kasangsaran lan sasami-
nipoen kedah poeroen dipoenatag
titoeloeng, tanpa angsal karoegian
(art. 28).

Wondéné pranatan-paekoeman
(strafbepalingen) wonten ingkang
toemrap poen koeli lan poen djoe-
ragan (hoofdstuk VI). Kadosta: koeli
kaekoem katah-katahipoen sawoe-

lan oetawi kadenda katah-katahipoen
satoes roepijah, manawi langkoeng
saking 24 djam teroesan boten won-
ten ing onderneming, mangka tanpa
sebab absah toer boten mawi pamit
oetawi boten manoet ingkang kase-
boet ing kontrak oetawi ordonnantie
(art. 34 angka 1, a).

Paekoeman oetawi denda wae
oegi katoemrapaken dateng djoeragan
ingkang nerak artikel 13 kalijan art.
25 sarta art. 46 angka 3.

Manawi dipoenraos-raos, Koelie-
ordonnanties poenika sampoen njeo-
kani kalonggaran langkoeng katah
dateng koeli katimbang djamane
roemijin-roemijin. Namong prakaw-
s satoenggal inggih poenika „poe-
nale sanctie“ Nagari dèrèng wani
njowak babar pisan.

Poenale sanctie poenika poena-
pa? Poena = paekoeman; sanctio =
pikekah. Ing onderneming-ondere-
ning sadjawinipoen tanah Djawi
poenika sami betah koeli; sarèhné
ing papan ngrikoe boten wonten
oetawi boten katah koeli, mila men-
det saking tanah Djawi, sarana
kontrak (pradjangdjan). Kontrak-
ipoen njamboet damel poenika
kalebet ing Burgerlijke wet, mila
manawi boten noehoni, kontrak-
kadamel djoegar. Nanging sarèhné
jèn koeli kontrak amblèn-
djani, saged damel ambroeking
onderneming, mila onderneming
njoewoen dateng Nagari soepados
kontrak wae dipoenpikekahi (ang-
sal sanctie) sarana paekoeman
(poena) tegesipoen: oepami poen
koeli bakda pamit, sakit oetawi sa-
saminipoen, sarta sampoen mangsa-
nipoen mlebet, ladjeng boten mlebet,
kénging dipoenokeomaken. Poenika
woedjoeding poenale sanctie.

Inggih leres poenale sanctie poe-
nika boten ngemoengaken ing Indo-
nesia kémawon, nanging poenika
rak mratandani, bilih gesangipoen
koeli dèrèng kados samastinipoen.
Margi ngéman dateng karoegiani-
poen kaoem djoeragan, kaoem berah
ladjeng ingkang dipoenntaken.
Mangka kosok-wangsoel, doemoegi-
nipoen samangké kaoem berah oep-
ami manggih kasangsaran, sami
boten angsal karoegian; ing mangsa
mlèsèt sami kawedalaken, tanpa
wonten pitoeloengan.

Sarèhné njoewak poenale sanctie
poenika taksih gawat, mila Nagari
saged ingkang saweg badé njoeda sa-
king sakedik oetawi kadang kala
kasowak sawatawis dangoenipoen,
manoet hoofdstuk VII: Geleide-
lijke afschaffing der poe-
nale sanctie.

Kita ingkang amblèlani, amoerih
koeli ka-aosan manoet kamanoen-
sanipoen, ngadjeng-adjeng dateng
itjaling poenale sanctie sarta ng-
adjeng-adjeng soepados djoeragan
kalijan koeli sami nindakaken kados
pangandikanipoen I. S. K. Santo Bapa
ing „Rerum Novarum“.

poen P. D.

PRADJA RAHAJOE.
INDONESIA.

Ing samangké tijang Djawia, Am-
bona, Mladjenga lan sasaminipoen
sami njeboet badanipoen pijambak:
wong Indonésier oetawi wong In-
donésia.

Manoet toewan Logan kawoen-
giling Anthropoloog (ahli kawroeh
bab manoenngsa, sarana ngoekoer
patak-patak, ladjeng kapanding-pan-
ding lan sasaminipoen), kala roemi-
jin ing sadèrèngipoen bangsa Mla-
djeng wonten ing India (Indische
Archipel) ngriki, ing riki sampoen
wonten bangsa ingkang dédè bangsa
Mladjeng, pakoelitanipoen langkoeng
djené tinimbang bangsa Mladjeng,

poenika wonten kalih bangsa inggih
poenika ingkang hasirah (hapatak)
boender oetawi tjelak (brachiocephal)
kagolong bangsa Mladjeng, sarta
ingkang hasirah (hapatak) londjong
oetawi pandjang (dolichocephal) ka-
golong bangsa Indonésier. Tijang
Dajak-Oeloe-Ajar sarta Soeroe
toewin Mahakam poenika kalebet
Indonésier. Manoet Kohlbrugge, ing
tanah Djawi namoeng tijang Tengger
ingkang djan Indonésier.

Manawi manoet toewan Logan,
Hamy, Kohlbrugge, boten sadaja
tijang prieboemi India ngriki ingkang
kagolong Indonésier.

Kotjapa toewan A. Bastian sa-
toenggiling Ethnograaf Duitschland
(ahli kawroeh bangsa) ing taoen 1884
mastani Maleische Archipel poenika:
Indonésia. Sarta wiwit kala samanten,
sadaja bangsa ingkang toenggil wa-
watekan, basa lan sasaminipoen ka-
lijan bangsa Djawi, Soematra, Celebes
lsp. ladjeng kaseboet bangsa Indo-
nesia. Indonésia ingkang kados ma-
katen poenika dados njakoep bangsa
Formosa ing tengah (kosok-wang-
soelipoen pasisir), Philippina, mèh
sa India Nederland, Bornéu sisih
lèr, Timoer bawah Portegis, Ma-
laka, Indochina sabagéan, Mada-
gaskar. Sapérangan ageng tanah
Nieuw-Guinea djadjahan Nederland,
boten katoet Indonésia. Tjekak ma-
noet wawasan poenika bangsa In-
donésia poenika warni-warni, sarta
basanipoen oegi warni-warni. Mila
basa Indonésia = basa Mladjeng poe-
nika manoet wetenschap boten leres,
nanging ladjeng kadamel leres, ka-
bekta saking politik.

Djentik.

KAMADJENGANING WANITA??

(Artrice Detec tever??)

Djaman sapoenika boten namoeng
para prija kémawon ingkang ma-
djeng, nanging para wanita inggih
boten poeroen kantoen. Déné bab
kamadjenganing wae wonten warni-
warni; kadosta: „Oelah raga (sport),
kagoenan (kunst), lan sanès-sanès-
ipoen.

Nanging kamadjenganing wanita
djaman sapoenika katah ingkang
adamel risaking kasoelilaning wa-
nita.

Kados nembé poenika kadang
„Prendjak Mataram“ ing Sw. Tm.
tanggal 5 Juni 1931 no. 23 ngan-
daraken kamadjenganing djaman
ingkang damel risaking kasoelilan,
samanten oegi sadèrèk „Ako we-
roeh“ ing Sw. Oemoem tanggal 6
Juli 1931 no. 103 inggih nerangaken
édaning djaman kamadjenganing
wanita.

Déné ingkang badé koela atoer-
aken poenika, bab madjenging pa-
ngoedi kagoenan (kunst), kagoenan
poenika inggih wonten warni-warni,
kadosta: „Beksa, ndjaroemi, nenoen
lan sapanoenggilanipoen. Kagoenan
beksa ing djaman kamadjenganing
poenika, inggih boten namoeng
doemoenong wonten ing para prija
kémawon, nanging para wanita
inggih boten poeroen katilaran.

Ing Kebon-Sere (Mr. Cornelis)
oegi wonten pakempalaning para
wanita golongan geleerde, ingkang
ngoedi ndandosi kagoenan beksa.
Kagoenan beksa ingkang kaedi
wae boten saèmper kados ing
kraton Ngajogja oetawi Soerakarta,
nanging kagoenan beksa ketoprak.

Inggang dados pangarsaning pa-
kempalan wae prijantoen kakoeng,
sarta ingkang naboehe ganganipoen
(viool, gitaar, trebang, kendang),
inggih prijantoen kakoeng. Inggang
soewaoe ketoprak wanita poenika
manawi pinoedjoe gladi boten (dè-
rèng) poeroen dipoentingali ing nga-
katah, tjarijosipoen isin; nanging ing
sapoenikanipoen sampoen poeroen
ngeblak (dipoentingali ing ngakatah).

Ing pakempalan wae wargani-
poen boten namoeng wanita Indonesia
(Djawi) kémawon, oegi wonten wa-
nita bangsa Tiong Hwa lan wanita
bangsa Wlandi, nanging sabagéan
ageng warganipoen wanita bangsa
Indonesia (Djawi). Rèhning ing rikoe
wonten warganipoen wanita tigang

bangsa, pramila bilih pinoedjoe
gladi (adjar) warganipoen boten
kénging manganggé tjara Indonesia
(tjara Djawi). Malah pangarsaning
pakempalan wae gadah pamang-
gih makaten: „Jèn nganggo rok
ikoe, oepama anggoné ndjogèd
rada... satitik rak... samoen
toer ora...“

Saking pamanggih koela djogèd
ketoprak poenika toemrap wanita
sampoen boten prajogi, kok mawi
rada... satitik rak samoen toer
..., poenapa poenika boten damel
risaking kasoelilan? (dat is voor
meisjes te ver)? Nitik ingkang sami
dados warganing pakempalan wae,
sabagéan ageng golongan goeroe
wanita; mangka goeroe poenika
kedah njeokani tjonto ingkang saé
dateng moeridipoen, inggih toemrap
poenapa kémawon. Saweg goeroe-
nipoen kémawon sampoen damel
tjonto ngrisak kasoelilan poenapa
moeridipoen boten badé ngoeng-
koeli ingkang njeokani tjonto?
Apoenipoen kémawon niroe ingkang
njeokani tjonto wae.

Saking wawasan koela tindak
ngodi poeliling kagoenan beksa
ingkang makaten trapipoen poenika,
manawi boten énggal-énggal ka-
béngkas ingkang temenan, temtoe
badé saja ngambra-ambra kados
déné sasakit „colera, typhus, pest,
désentri,“ lan sanès-sanèsipoen.
Pramila mangga para panoentoening
pergerakan wanita koela atoeri
ngasta „spuit,“ ladjeng kaisénana
sarananipoen panoelaking sesakit
kasebat. Manawi sampoen kaisénan
ladjeng katamakna dateng pakem-
palan ingkang saweg kénging sa-
sakit wae, soepados sampoen ngan-
tos toemoelar dateng pakempalan
sanès; ing riki kadjeng koela soe-
pados ing sanès panggenan énggal-
énggal kaparingana anti, inggih
poenika Injectie.

Minangka panoetoeping atoer
koela poenika, moegi para kadang
koela wanita Katoelik Indonesia
ingkang sami ngatos-atos, sampoen
ngantos katoelaran sasakit kasebat
nginggil. Langkoeng-langkoeng ka-
dang wanita Katoelik Indonesia
ingkang sami ngasta dados goeroe,
djalaran ing pamoelangan ingkang
sanès Katoelik, oegi asring wonten
kadangipoen wanita Katoelik ing-
kang ngasta wonten ing rikoe.

Ing wasana koela inggih ndèrèk
moemoedji moegi sasakit kasebat
nginggil énggala kataman ing Injec-
tienpoen Dokter P. P. I. I.
Fa bel tempo?
koela poen: Adininggar.

JORNALISTIEK.

WAWASAN BAB PERS
SAWATAWIS.

(saking nak Widjantâ ing Pop.).

Boengklik: Kaja sing wis kokan-
dakaké ana ing taman Sw. Tm. no. 26
kepoengkoer iki, menawa pers Ka-
tholiek ikoe koedoe woedjoed jour-
nal the opinion lan anané wawasan,
gagasan oetawa keterangan kang
toemoedjoe marang sawidjining pre-
kara oetawa kaanan koedoe metoe
saka dedasar lan rasa Katholiek.
Lha, saiki kanggoné pers-pers lijané,
ija sing neutral, ija sing doewèké
sawidji-widjining golongan, mestiné
rak ja mengkono, pada metoe saka
dedasar lan rasané déwé-déwé.

Tjemploek: Ija mesti baé dik.
Awit sawidji-widjining golongan
pada doewé pengarah déwé-déwé,
amrih kang dadi dedasar, rasa lan
toedjoené bisa soemabar mrana-
mrana. Kedjaba ta sing moeng mi-
dji kanggo kawroeh babagan deda-
ngan, tetanèn lan teknik; semona
ikoe jèn moeng woedjoed tjrita baé.

Boengklik: Jèn mengkono, dak
pikir-pikir anané pers doewèké sa-
widjining golongan, ikoe oega kena
dakarani wisa toemrapé golongan
lija.

Kajata: ana golongan loro A ka-
ro B. Sidji-sidjiné wis pada doewé
pers. Lha, saiki oepamané saka go-
longan A akèh sing bandjoer pada

ISINIPOEN.

Koelie-Ordonnantie — Indonesia
— Kamadjenganing wanita — Wa-
wasan bab pers sawatawis — Ope-
rative Journalistiek — Kabar saking
Wedi — Pengadjaran sadjawining
Indonesia — Pangrembag boekoe —
Goentingan pers — Saking pakem-
palan — Pangandika Dalem K. S.
Bapa Leo XIII — Ontjèn sekar
gambir melati — Oerap-sari —
Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Nresnanana basamoe.

Lengganan Het Nieuws van den
Dag wadoel dateng koranipoen.
déné pikantoeke seret „pemberian
tahoe“ saking kantor pos kaserat
mawi basa Mlajoe. Mesti kémawon
koran poenika ladjeng njaroewé.
Margi lengganan wae Walandi,
pantes seret makaten poenika kedah
mawi basa Walandi. Dados: nggak
maoe sama basa Mlajoe! Margi
kritikipoen, kantor pos neda nga-
poenten, sarta mratélakaken poenika
doemoenong wonten klèntoe.

Teroesipoen! Wonten Walandi
lengganan Het Nieuws dateng
kantor Landgerecht badé mba-
jar dendan. Walandi wae dipoen-
soekani kwitansi basa Mlajoe. Wa-
landi wae boten poeroen. Mèh
sadaja Walandi ingkang kadenda
ambajar kontan, ladjeng tanpa kwit-
tansi, .....

Ladjeng Het Nieuws tjarijos: loe-
wih betjik Walanda maoe bandjoer
kanda baé: akoe ora ngerti basa
Mlajoe, dadi ija ora ngerti apa isi-
ning kwitansi.

Makaten dongèngipoen: „saja
tidak sjoeka basa Mlajoe.“

Dongèngipoen Het Nieuws poe-
nika toemrap kita nawoeng pitoe-
toer lebet. Anedahaken sapinten
anggenipoen nresnani basanipoen
pijambak.

Dongèng wae ladjeng anoewoeh-
aken pitakénan:

- 1. Kaprijé nèk ana Indonesier pada
Indonesier ing samoena-moeniné
mesti tjara Walanda: tjas tjis
nat niet?
2. Jèn akoe didjak omong karo
bangsa mantja kang ngerti ba-
sakoe, lan bisa omong nganggo
basakoe, akoe koedoe kaprijé?
Omong nganggo basané kana,
apa basakoe?
3. Jèn mangkono, apa ora prajoga
staatsblad-staatsblad, papatjak-
papatjak nagara, Volksraadver-
slagen, lajang-lajang pradata,
lll., nganggo dirangkepi basané
wong boemi?

Koela badé nitosi: tjarijosipoen
Het Nieuws poenika badé ndajani
poenapa dateng bangsa kita?

Prendjak Mataram.

nengenaké matja pers doewèké go-
longan B, lan nganti kebandjoer
ngiwakaké matja pers doewèké dé-
wé, ikoe mestiné rak rasa, dedasar
lan kang dadi toedjoené golongan
A akèh sing pada ketarik marang
golongan B, kang ing woes anané
bisa gawé ringkising golongan A.
Rak ja mengkono ta, kang Tjemploek?
Tjemploek: Pantjèn ija mengkono.
Malah-malah kena dakarani wisa
sing mandak banget. . . Tjoba, meng-
ko disik dadi deleng kepèkkoe, kang
mratélakaké keprijé menggoeh be-
bajané pers doewèké golongan lija
toemrapé kanggo gotrah Katholiek.
Lha, iki wis ketemoe, nanging baé
anggonkoe metik saka boekoe oetawa
pers apa, akoe wis lali.

Pandjenengané Kangdjeng Maha-
Biskop ing Utrecht ana ing vasten-
brief taoen 1912 njerat kang seban-
djoeré moeni mengkéné: Oepama

# SAKING PAKEMPALAN.

## PAREPATAN K. W. AFDEELING GANDJOERAN.

Doemawah tanggal 19 Juni, manggèn ing Soos. Ingkang rawoeh 19, déné pangreh diangkep (7). Ingkang nengganani.

Wakilng pak: W.K. — 4.  
pak: P.P.K.D. — 1.  
H.D. — 1.  
Boediarta — 1.  
P.O. — 1.  
P.L. — 1.

I. Djam 7.30. sonten parepatan kabikak kanti ngatoeraken atoe panoewoen dateng para warga toewin para wakiling pakempalan. Poenapa déné mawi ngatoeraken agenging pigoenanipoen roekoening para pakempalan, anjamboet damel sasarengan, ndjagi rahadjenging tanah toewin bangsa.

II. Maos pèngetan parepatan kapengker, ingkang ladjeng kaabsahaken.

### III. Pakabar.

a. Saking panitra Comite van Ontvangst ngatoeraken tjalon djerenganipoen verslag, mawi kateranganen: bab: lebet-wedaling arta, toewin pigoengsoeng ingkang katoer ingarsanipoen Mevrouw toewin Pandjengenganipoen Mijneer H. Smutzur. Sadaja katingal marem ing manah.

b. Katholieke actie (Ngèsti - Rahajoe), agenging bebadra badé ngwontenaken Maria Congregatie boten saged kaleksanan, djalarn Pandjengenganipoen Rama Pastoor boten kagoengan wekdal ingkang sela, kagem ngmoedèni wontenipoen Maria Congregatie.

IV. Wasana panimbang lan poetoesaning parepatan, ngwontenaken babadan pijambak (Commissie) kanggé ngwontenaken statuten toewin H. R. ripoen Ngèsti Rahajoe.

### Ingkang kapilih.

1. Sadèrèk M. Soema-atmadja (pangarsa).
2. " M. C. Dibyaatmadja — panitra.
3. " M. Dirjasoedarja.
4. " M. Poedjadarma.
5. " M. Pawira-soewarna.

V. Nampi sisorahipoen sadèrèk Padmajiwarana bab: Nawala: Rerum Novarum.

### VI. Pilihan: Hartaka.

Rèhné ing soeawoe wonten tetapan bilih sadèrèk Hartaka badé pindah. (Ing woesanipoen samangké boten etoe), mila babasan: sedija pajoeng sadoeroengé oedan. Sadèrèk Hartaka pamitan; sabibaripoen ngwontenaken pilihan ingkang tjalon nggentosi. Ingkang kapilih sadèrèk M. Darma-atmadja.

VII. Pers-actie. Ngadjengaken lebeting arta lengganan toewin abonnee. (Bravol Red.).

VIII. Badé ngwontenaken Cursus basa Walandi.

Déné ingkang kapilih dados pangrehipoen 1. Sadèrèk Hardjasoemarta (pangarsa).

2. " Padma-jatiwara panitra.
3. " Dirjasoedarja hartaka.

IX. Nampi pitakèn-pitakèn toewin oesoel<sup>2</sup> saking warga.

Djam 12.20 parepatan katoetoeop kanti kondjoek Goesti.

Verslag-gever.

## PAREPATAN „PALOEPI DARMA“ (P. D.), BLITAR TG. 14/6-31. WONTEN ING INTERNAAT „JOH GABRIËL“.

Parepatan dinten poenika kadawahan wahjoe: amargi Pangarsa Pangreh Ageng ing Moentilan karsa rawoeh nengganani.

Ingkang rawoeh: Padoeka rama Pastoor; Juffrouw W. Ludwig toewin heer R. S. Rahadi goeroe H.I.S. „Joh Gabriël“. Goeroe-goeroe sakolahan angka II. toewin warga sadaja. Kirang langkoeng, sadaja

kakoeng poetri wonten 110.

Djam 9.30 papanggihan kabikak.

II. Nötulen boten kawaos. Panitra ladjeng medar atoe panoewoen doemateng ingkang sami rawoeh. Langkoeng<sup>2</sup> ing ngarsanipoen „Pangarsa Pangreh Ageng!“ Sareng tjekap, kasambetan swantening keplokipoen asta. Kados mbedahaken kembanganipoen talingan.

III. Pasegah. Awarni rerèpèn mawi lagoe Djawi ingkang ngresepaken, saha damel leganing manah. Kasekaraken déning para moerid èstri, dipoenpangageng goeroe sakolahan angka II, juffr. G. Moertinem. Sareng rerèpèn doemawah pada poengkasas, keplok ambil malih.

IV. Voordracht-ipoen Pangarsa; ingkang gagajoean bab atoe panoewoen doemateng P. P. A. saking Moentilan. Déné karsa merlokaken rawoeh ing Blitar. Saha malih ngrembag wiyit badé wontenipoen, poenapa malih ngantos klampahipoen. „P. D.“ ing Blitar doemoging sapriki. Sadaja sarwi gambang toer ngekanani warga sadaja. Toewin mitoeoet pangemoet - èmoet, sarèhning „P. D.“ Blitar sampoen setaosen wontenipoen, ladjeng dipoensetaosen pisan. Wasana saking tingahing manahipoen para warga keplok toepok malih.

V. Pauze. 1/4 djam.

VI. Pangarsa medar sabda, ingkang toemandja toemrap warga sadaja katoer ing ngarsanipoen P. P. A.

VII. P. P. A. ing Moentilan nanggapi sabda. Pandjengenganipoen boten manggali bilih rawoehipoen badé dipoenroepian-roepian ingkang poenika rena semoe tjingak. Saha paring priksa, bab kawontenanipoen „P. D.“ Blitar ingkang dipoenpriksani saking katebihan katingal madjeng lan soeboeripoen!

VIII. Pitakènan doemateng „P. P. A.“ poenapa bab kabetahanipoen „P. D.“ ingkang kirang tjeta. P. P. A. badé karsa nerangaken kanti terang.

Katah para prijantoen ingkang miterang, saha njrambahi bab betahipoen „P. D.“ Sadaja waoe, oegi kateranganen kanti terang. Poenapa déné jèn wonten bab ingkang wigatos, toewin P. P. A. dèrèng karsa mangsoeli pangandika, tembé wingking badé kalwesoelan saking Moentilan. Djalarn paraos sanget, saha kedah karembag ing Moentilan!

Wasana gandèng kalijan sadaja waoe P. P. A. paring wedaran, ingkang toemandja kalijan bab ingkang badé ndjalari soeboering tjabang-tjabang „P. D.“ „P. D.“ Blitar saged-saged badé migoenakaken.

Sareng sampoen, Padoeka rama Pastoor ladjeng djoemeneng saking palenggahan, toewin paring pirs, bilih pandjengenganipoen oegi rena sanget, déné „P. D.“ Blitar keti- ngal madjengipoen.

Ingkang poenika padoeka rama Pastoor ladjeng medar sabda katah-katah, ingkang mapeokan kalijan pakempalan-pakempalan. Saha netepaken oetawi mrajogèkaker jèn „P. D.“ poenika kaadjejana sanget! Sareng tjekap, Pangarsa ladjeng njambeti toewin matoer noewoen ing ngarsanipoen padoeka Rama, déné karsa paring oewat-oewat ingkang makaten.

IX. Rerèpèn mawi lagoe Djawi. Sakétja kapirengaken. Kasekaraken para moerid djalarn ing H.I.S. „Joh Gabriël“ toewin moerid C. G. D. Katoentoen moerid H.I.S. „Joh Gabriël“ pangkat 7 „sadèrèk J. Wijana.

X. Panoetoeop kados adat saben, watawis djam 12.30. Badé bibaran ladjeng kapotrèt. Toemoenten kondoeeran.

V. S.

nalika ikoe ing tanah Frankrijk kadjaga temenan bab soemebaring pers Katholiek mesti ora bakal kelakon pada kaja mengkono.

Pandjengengané Kandjeng Santo Bapa Pius X maringi lajang menjang redacteur-ing koran „La Croix“ ing Frankrijk, wosé mengkèné: Pers ikoe dadi kekoewataning sawidji-widjining golongan, dadi srana kang gedé banget kanggo mropagandakaké kang dadi dedasaré. Malah-malah saiki wis katjeta banget, jèn akèh para gotrah Katholiek kang pada kedjloengoeop ketarik marang dedasar lija kang marga pada nengenaké matja pers doewèké golongan lija lan ora gelem matja pers Katholiek.... sabandjoeré.

Bk. Wah, kang! Mitoeoet saka andaranmoe ikoe akoe teka bandjoer ngrasa boengah banget jèn ta bisa kelakon kaja kang dadi pengarep-arepé saoeudara Andaja, saintika kang kalokèng rat ing...., jaikoe soepaja Sw. Tm., pers Katholiek jasané

para gotrah Katholiek Indonesia adja nganti moeng diwatja déning gotrah Katholiek baé, bisa diwatja déning golongan lija. Awit oepama bisa kelakon mengkono ora kétang satitik bakal bisa moewoehi djembaring soemebare dedasar lan rasa Katholiek. Nanging baé oega ngrasa soesah lan éman banget, jèn ta ngéling-éling kaja kang wis kasboet ana ing operasi journalistiek I tjap A.S.D., patent A.S.D., jaikoe jèn isih akèh para kaeom terpeladjar Katholiek Indonesia sing ora karsa matja Sw. Tm. oetawa S.K. Djer kang mengkono maoe mesti baé ndjalari bab anané pambengok oetawa jèn ana dawoeh saka K. S. Bapa, K. Biskop lan Rama-Rama Pastoor kang pada kamot, kang pantjèné para poetra Katholiek Indonesia perloe mengerti, mesti bandjoer kaja babasan: vox clamantis in deserto, liré: swara kang ngemandang ana ing samadyaning arara samoen, dadi tanpa goena. Ma-

## DJAGAD WANITA.

### W. K. LAN AKSI KATHOLIK.

Sosorahipoen Mejufr. Soealbirah oetoesan W. K. Solo wonten konggrès P. W. K. (Sambetipoen).

Ing riki koela boten nijat badé mbèbèr katjasanting Zuster - Zuster, ingkang soegengipoen babar pisan katjaosaken dateng Iboe P. Soetji, awit poenika kanggé kita sampoen tjeta wela-wela.

Ing riki koela badé ngatoeraken pakarjanipoen para W. K. limrah, kados sakoela pandjengengan poenika!

Pakarjan ingkang sanget mongkogan manah ingkang asal lalabetanipoen Wanita Katholiek, ingkang katjaosaken dateng Iboe P. Soetji, moerih saja djembaring tebanipoen pangandel Soetji, lezing ingkang sampoen naté koela mirengaken wonten Solo inggih poenika „t Genootschap tot voortplanting des Geloofs...ada-adanipoen: Pauline Jaricot.“ (laré ing Lyon). Toedjoenipoen „t Genootschap tot voortplanting des Geloofs“ (Pakempalan moerih soemebaring pangandel Soetji) poenika nedyo mitoeoengi para rama-rama missionarissen ingkang nantjebaken pangandel Soetji lan

nanem beschaving wonten ing samadyaning para kapir sarana pasembahjangan lan nglempakaken arta dana ladjeng katjaosaken dateng para „missionarissen“.

Contributie-nipoen warga limrah waoe saminggoe 1 bénggol oetawi f 1,30, 1 th. Wiwitanipoen namoeng saged nariki asal saking laré-laré pabrik pendak dinten Djoemoeah. Saja dangoe saja wewah warganipoen. Ing wiwitanipoen oegi pakempalan poenika dipoensoedjanani déning tjang katah, nanging margi berkahing Pangéran saged soeboer, soemeban ing poendi-poendi.

Parepatanipoen wonten ing Parijs netepaken nedyo damel tjabang-tjabang lan mbijantoe para missionarissen ing sadjagad.

Para pangagenging P. Soetji sanget mangajoebagja dateng adeding pakempalan poenika, saha maringi aflaat lan gandjaran.

Pakempalan poenika waoe let sataoen sasampoenipoen madeg saged ngintoenaken dana dateng missie ± f 10.000 let 10 taoen malih nglempak ngantos f 150.000.

Saja dangoe saja wewah katah angsal-angsalanipoen temtoe éwon medalipoen dateng missie. Pakempalan waoe ladjeng roemambat dateng Amerika lan Canada. Déné

lah jèn kebandjoer bisa kelakon kaja sing wis kaandaraké maoe.

Tjp. Prekara kaja sing dadi pengarep - arepé saoeudara Andaja mengkono ikoe oepama bisa kelakon temenan, moela pantjèn mboengahaké lan nggedèkaké ati temenan. Nanging baé keprijé ta dik? Wong kanggoné pers Katholiek bisané kelakon kaja mengkono, koedoe wis otot kawat baloeng wesi. Liré: bisa njampeti, njangga lan mranani kang dadi kabotoeohané kang pada matja. Loewih-loewih manèh wragad kang kanggo srana ija ora djeneng satitik, kajata: kanggo nganakaké colporteur, jaikoe teo- kang nggolèkaké oendaking lenggan- nan lan advertentie, kanggo nganakaké proefnummer, kanggo wragad masang advertentie ana ing pers-pers lija lan sapanoenggalané. Nanging ja emboeh ding, apa weroeh jèn ing tembé mboeri kono bisa sairib nimbang! karo tjara lan kaanané advertentie saka New York, Amerika Sarékat, kaja kang wis diandaraké déning saoeudara Andaja oega, anà ing taman Sw.Tm. no. 25, anggoné nenarik wong lija manggon ing kono. Lha, jèn mengkono kajakaja ora perloe akèh, wragad kang kanggo srana-srana maoe. Awit kang kaja mengkono ikoe wis taoe kelakon, jaikoe ing babadé Handelsblad nalika isih bambang, ing djamané toewan August Smiders djoeroe ngarang Katholiek asal saka Vlaanderen.

Wis! Balik saiki kanggoné kang kasboetana ing operasi journalist I patent A.S.D. sing kokandakaké maoe pantjèn ja marakaké soesah lan ngrasa éman banget, malah-malah oega djeneng nggoemoenaké. Amarga sing ora karsa matja Sw. Tm. oetawa S.K., ikoe ora moeng para kaeom terpeladjar Katholiek Indonesia ing sadjabané rangkah pakempoelan K. W. oetawa P.P.K.D. baé, dalasan sing wis pada mleboe dadi lid ija isih akèh. Kajata: ing soedoengkoé kéné ana prijaji kang wis mleboe dadi lid pakempoelan ikoe koerang loewih 25, sing lenggan- nan moeng 4.

## VAN LITH-STICHTING

Poenapa pandjengengan kanggé woelan poenika sampoen ngintoenaken arta contributie kanggé V. L. S.

Penningmeester V. L. S. 2e. Convict Moentilan N. I. S.

Lho, ing kéné akoe kanda nggoemoenaké banget ikoe, djer wis mleboe dadi lidng pakempoelan sing jasa Sw. Tm. oetawa S.K., sing presasat dadi gaman lan somprèt kanggo ngambah ana ing samadyaning djagad Katholiek sosial oetawa Katholiek politik Indonesia, sing dadi katja pangiloné kanggo ndeleng ombjaking kadang Katholiek Indonesia ing lija panggonan, déné ora karsa nggapé babar pisan.

Bk. Wah, hem! Prijaji semono koewi sing lenggan moeng.....! Nanging dakkira prekara sing kaja mengkono ing lija panggonan isih ana.

dana saking Amerika (Vereenigde-Staten) waoe sanget mbanjoe mili. Sadèrèk ing Vereenigde-Staten boten poeroen kantoen.

Tjekakipoen para sadèrèk, lalabetanipoen „Pauline Jaricot“, ingdang saged nglairaken pakempalan „t Genootschap tot voortplanting des geloofs“, waoe adamel koentjaraning P. Soetji, adamel begdjaning ngakatah ingkang saged tinoeloengan, ingkang sapoenika wonten ing Rome, kaasta déning pandjengenganipoen Kardinaal Rossum. Pauline Jaricot kadjawi misoewoer kados déné Stichtster saking pakempalan waoe oegi misoewoer sanget agengipoen mbijantoe „t Genootschap der H. Kindsheid“, (Pakempalan Sang Timor) jasanipoen Pandjengengan Dalem Mgr. Charles Augustine de Torbin Janson ingkang gadah toedjoe mitoeoengi para laré-laré ing tanah kapir ingkang katriwal, inggih prakawis djasmani langkoeng-langkoeng rohanipoen „t Genootschap der H. Kindsheid“, ageng sanget lalabetanipoen. Doemoegi titi-mangsa taoen 1914 gadah: Grija lola 1573. Sekolah limrah 12545. Vak en industriescholen 4550. Saged mbaptis laré 459603. Ingkang kaopakara 512831.

Sinten para sadèrèk ingkang jasa „De St. Petrus Claverbond voor de missie ing Afrika“ ingkang toedjoenipoen, mbantoe missie ing Afrika lan neboes tjang neger ingkang kasadé dados réntjang toemban? Inggih sadèrèk kita wanita Katholiek „Gravin Maria Theresia Ledochowski, Santana Dalem (Pater General Sociéteit Jezus) Ledochowski. Madeg: 29 April taoen 1894.

Lah poenika saged neboes réntjang toemban éwon lan mbaptis tjang inggih éwon. Kadjawi poenika ngopakara laré ingkang kabotoetjal déning tjang sepoehipoen atoesan; makaten oegi ngragadi laré ingkang nedyo dados pastoor ing tanah-tanah sanèsipoen kados ing Oostenrijk, Duitschland, Spanjol inggih sami madeg pakempalan ingkang nedyo mbantoe adjenging missie. Wonten ingkang srana ngintoenaken barang-barang kabetahan Gréda kadosta W. K. ing Frankrijk, Belgi lan Nederland s. p. n.

Wonten ingkang srana ngintoenaken sandangan dateng tanah missie kanggé tjang miskin, njaoisi tasbèh lan medali dateng Missie.

Kados déné para wanita ingkang njamboet damel wonten pabrik-pabrik, toko-toko poenika inggih boten poeroen kantoen. Wah seng-

Tjp. Ja, ajaké baé.

Bk. Lho, oepama baé kang kaja mengkono ikoe para kadang Katholiek Indonesia sing koewoengang ing sawidji-sawidjining tjabang karsa ngoedi bisané para lid-lid matja Sw. Tm. oetawa S.K. srana dadi lenggan- nan, keprijé? Awit saka pangirakoe mengkono ikoe bakal bisa moewoehi djembaring tebané Sw. Tm. oetawa S. K. ana ing wewengking poetra Katholiek Indonesia.

Tjp. Wah, jèn sing koewoengang karsa nindakaké mengkono kirakoe baé ja bisa toemindak betjik.

## OPERASI JOURNALISTIEK!!!

Kanggé adjenging Pers Katholiek.

Koela sampoen wongsal-wangsoel maos andaran ingkang akepala kados ing nginggil poenika. Sareng koela emat-emataken katingal gawang-gawang kawanteranipoen sardjana A. S. D. Prijagoeng poenika manawi mangsah ing joeda katingal tatag, prawira, kendel boten adrih dateng mengsah ingkang ageng inggil, boten wegahan. Panggalih ingkang kados makaten waoe temtoe namoeng pinanggih ing batosipoen pradjoerit gangsingan inggih pradjoerit djempolan.

Nanging émanipoen déné teka wiyit wontenipoen operasi Journalistiek, poenika koela dèrèng naté soemerep prijantoen oetawi tjatjahing prijantoen ingkang margi kataman péso A. S. D. ladjeng lengganan Sw. Tm. ! Poenapa namoeng margi saking boten soemerep koela? Manawi mila makaten; koela njoewoen pangapoenten toewin andèrèk bingngah!

Jèn dèrèng, koela noewoen sèwoel Moerih adjenging Pers Katholiek, mawi tjara operasi poenika roemaos koela kirang matoek toewin matis, awit roemaos koela rékanipoen boten ambakoeli. Sadjak mrentah saha ngétjé-étjé. Awit bangsa Djawi makaten panggenaning Semoe, dados manawi kadoemoek lepatipoen ingkang kepara njata ingkang temtoe ladjeng andjingtak, ladjeng serik, madosi ingkang ndoemoek sarta noeding lepatipoen waoe. Jèn pan- tjehipoen makaten inggih prakawis publik, nanging adakan ladjeng dados persoonlijk; ladjeng lain haloean.

Manawi nitik andaran kasebat, wonten ing Sw. Tm. sadjakipoen ingkang dipoenoperasi poenika prijantoen ingkang saged basa Walandi. <sup>2</sup>) Koela boten andoengkap dateng karsanipoen. Amargi sasoe- merep koela kanta-kantja koela kaeom ngandap... inggih taksih betah dipoentatangi oetawi oegi ambetahaken operasi, nanging pan- joewoen koela soepados tjara sanès. Rèhning lenggahipoen péso A. S. D. poenika inggih wonten Sturing Sw. Tm, dados moenggoeh sanget kadjawi kagoengan kawegigan oegi nganggèna boedi momot toewin mbakoeli sadjak gapjak grètèh, kerep nawèkaken sasadéjanipoen, kados pangandikanipoen roemijin poenika!

Jèn ing kantor Sw. Tm. wonten tjara: jèn pirs prijantoen R. K. dèrèng lengganan Sw. Tm, ladjeng dipoenkintoenana, kanggé proef- nummer, ladjeng dipoenatoeri dados lengganan pisan, koela kinten oeger tlatos lan wonten réka-dajanipoen temtoenipoen saged saja katah ing- kang lengganan. Samanten waoe jèn Sw. Tm. gadah banda, saha wonten tjara makaten waoe. Déné manawi boten inggih sampoen da-

<sup>1</sup>) Ingkang mangertos poenika Admini- stratie. Red.

<sup>2</sup>) Boten namoeng poenika tok! Red.

## PANGANDIKA DALEM I.S.K. SANTO BAPA LEO XIII.

I. Para Biskop sakaléréhanipoen kedah prajitna dateng pamoelang- an nétral.

Sampéjan, para saoeudara, sami mangertos, dateng wosing angger-anger poenika (ing Belgi babagan pasinaon nalika 1 Djoeli 1878). Sampoen tètela, bilih toedjoe sarta sedyanipoen angger - angger poenika perloe ngontjatakan laré-laré wiyit alit saking pangowasanipoen Pasamoewan Soetji sarta soepados pasinaonipoen laré - laré goemantoeing babar pisan dateng pangowasa lan kadjenging nagari, lan sampoen ngantos angsal prabawanipoen Pasamoewan. Awit ing angger - angger ngrikoe rak dipoenseboetaken, jèn para Imam boten kénging tjawé-tjawé ing bab pang- goela - wentahing laré, poenapa malih Pasamoewan boten kénging ngaw- wat - awati. Ing angger-angger ngri- koe agami kasingkiraken saking pamoelangan sarta soepados nama pamoelangan goepermèn, sadaja woelangan agami kedah kaawisan. Sinten ta ingkang boten ngertos, jèn ingkang kados makaten poenika moetawatosi sanget ing atasipoen agami lan kala- koenipoen laré-laré alit.

Angger-angger ingkang njapèlèk- aken dateng piwoelangan sarta wewenangipoen Pasamoewan lan ingkang nedyo njirnakaken karahajonipoen langgeng para laré kados makaten poenika boten kénging jèn dipoen- roedjoeki déning para Biskop, amargi para Biskop waoe anggenipoen angsal pangkat saking Goesti Allah, soepados ndjagi karahajoning tetijang lan re- siking agami.

(Summi Pontificatus. 20 Agoes- toes 1880).

II. Jèn kepèpèt, kadang kala ké- nging njakolabaken dateng pamoel- angan nétral.

Laré - laré Katoelik manawi badé pados pasinaon, boten kénging loe- mebet ing pamoelangan, ingkang nje- njamah piwoelangipoen Pasamoewan Soetji. Déné samangsa Pasamoewan kadang kala marengaken ingkang kados makaten, poenika toemindaki- poen kanti kirang rena sarta margi kepeksa sanget. Sanadjan Pasamoew- an Soetji manawi kados makaten waoe sanget ing pangatos-atosipoen sarana migoenakaken tetamèng war- ni-warni, éwasamanten babajani- poen meksa taksih katah.

(Encycliciek: Affari vos, 8 Désèm- ber 1897).

## CORRESPONDENTIE.

R. J. Poerwaatmadja Hulpon, sekolah II no. 5 Balapan Solo; A. Karsasedarma Pan- degiling gemeente loods, Soerabaja, pandje- nengan pindah dateng poendi!

Adm. Sw. Tm.

— D. R. ing Meteng, kita sampoen tampi „Penting! Penting!“ Matoer noewoen. Jèn boten wonten soewoekan; amrih sakétjaning lampah, badé kita pendet saperloenipoen kémawon. Sampoen dados panggalih!

— Doel al. Arja „Tanggap sabda“ ing- gih sampoen katampi. Matoer noewoen. Nanging sarèhning prakawis poenika pra- jopinipoen kalairaken pijambakan kema- won, milanipoen „Tanggap sabda“ boten badé medali ing Swara-Tama. Sampoen kirang pangapoenten.

Red. Sw. Tm.

## Verloofd:

THREES SOEALBIRAH  
A. J. SISWASOEBRATA  
Solo.

koet anggenipoen toemoet njamboet damel kanggé missie, oegi sami ngedalaken pakempalan-pakempalan ingkang toedjoenipoen inggih kados ingkang kasbat ing nginggil waoe. (badé kasambet).

## PANGOEPAKARANING BAJI II.

(Soemangan saking satoenggingling Vroedvrouw. — Sambetipoen).

Asring kémawon kedadosan baji ladjeng kera djalarn saking kemproh ipoen iboe oetawi baboenipoen. Oepami wonten baji iroeng, mripat lan sanès-sanèsipoen reged poenika asring dipoenresiki mawi pipih déning iboenipoen, mangka pipih poenika reged wonten bibitipoen sasakit. Ing- kang makaten poenika pantjèn sam- poen limrah. Sampoen ngantos pisan- pisan baji dipoentilemakan sapatile- man kalijan laré sanès oetawi tjang sepoehipoen, awit gampil sanget ka- tradjang ing sasakit, oepaminipoen: laré-laré waoe pinoedjoe sakit wa- toek, baji inggih ladjeng katoelaran. Djalarn ingkang makaten waoe, bi- lih tjang sepoehipoen pinoedjoe sa- kit watoek oetawi pilek, sampoen pisan - pisan mangkoe oetawi ngem- ban, malah njaket oetawi ngamboeng kémawon boten kénging, kanggé ndja- gi soepados bajinipoen sampoen ngan- tos katoelaran ing sasakit waoe.



